

15 mas 2020

Chè Kominote BPS,

Vandredi swa, Majistra Walsh te anonse Lekòl Piblik Boston ap fèmen **madi 17 mas jiskaske 27 avril 2020**. Lekòl yo ap ouvri demen, **lendi 16 mas** pandan lè lekòl nòmal yo ak eksepsyon de kominote skolè Eliot ak McKinley yo. Nou te netwaye ak dezenfekte tout bis BPS yo epi y ap fonksyone sou orè nòmal yo demen.

Nan moman sa a, pa gen ekspozisyon ke nou konnen de kowonaviris la nan okèn kominote skolè apa de Lekòl Eliot K-8 la. Nou pran desizyon pou nou fèmen lekòl yo pwoaktifman pou nou anpeche ak konteni pwopagasyon viris la, epi li swiv deklarasyon eta ijans nan nivo nasyonal ak nan nivo leta a.

Fèmen lekòl deranje fanmi nou yo ak woutin yo chak jou anpil epi nou la pou nou sipòte w. Desizyon sa a te fèt kòm yon prekosyon e li te fèt ak bon konsiltasyon ak Biwo Majistra a, Biwo Majistra pou Sèvis Sante ak Imen, Komisyon Sante Piblik Boston, ak anpil responsab pou Vil la ak Leta a. Pandan fèmeti tanporè sa a, BPS rete angaje pou nou sèvi elèv ak fanmi nou yo, epi nou pral founi materyèl aprantisaj pou elèv yo kontinye ap aprann ak aksede manje sen.

#### **Aprantisaj Lakay:**

Lendi pral sèvi kòm yon jou tranzisyon pou elèv yo chache afe yo epi paran ak gadyen yo ka chache medikaman pitit yo. Nou pral gen materyèl pou aprantisaj enprime disponib nan tout lekòl yo pou elèv yo itilize lakay yo pandan lekòl yo fèmen. An plis de sa, nou pral mete resous edikatif sou Google Classroom, yon sit sou entènèt la kote elèv yo ak fanmi yo ka twouve materyèl epi travay pou kont yo sou aktivite pandan yo lakay yo. Pitit ou ka aksede materyèl aprantisaj li nan: [www.bostonpublicschools.org/backpack](http://www.bostonpublicschools.org/backpack) sèvi ak kont Google BPS yo a.

Si w pa ka chache materyèl aprantisaj pitit ou lendi, nou pral mete yo disponib selon nivo klas nan kote n ap bay manje yo nan Vil la, ki endike anba a, komanse madi. Tanpri konprann devwa aprantisaj sa a volontè epi nou p ap note yo. Sepandan, nou fòtman ankouraje fanmi yo pou yo cache materyèl pitit yo, swa nan lekòl la oubyen sou entènèt la, pou ede anpeche pèdi tan aprantisaj ki ka fèt pandan yon bon tan pwolonje deyò lekòl la.

- Nou pral bay plis enfòmasyon pou elèv nan lekòl Eliot ak tou le twa lekòl McKinley yo dirèkteman byento.
- Elèv ki gen bezwen aprantisaj inik yo enpòtan pou nou. Pou nou ka byen evalye bezwen aprantisaj ak sèvis inik elèv yo, lekòl yo pral kontakte paran/gadyen elèv k ap aprann anglè yo ak elèv nan pwogram edikasyon espesyal yo pou nou kapab pran desizyon endividyalize baze sou bezwen elèv yo.
- Nou pral travay ansanm ak elèv ki gen pou yo gradye yo pou asire yo gen aksè a materyèl Advanced Placement (AP) ak SAT yo, osi byen ke lòt egzamen ki enpòtan pou pist inivèsite ak karyè.
- Nou vle asire elèv lekòl segondè nou sou bon chemen pou gradyasyon. Nou pral travay ansanm ak Sant Re-Angajman nou sou mezi pwoaktif pou asire elèv ki sou wo risk pou yo abandone lekòl la rete angaje pandan pwochen plizye semèn k ap vini yo.



### **Aksè Entènèt ak Konpyitè:**

Nan jou k ap vini yo, nou pral distribye detay pou fanmi BPS yo resevwa opsyon gratis pou entènèt ak konpyitè selon bezwen.

- Anpil founisè entènèt te gentan ofri opsyon ak pri redwi oubyen gratis epi n ap travay ansanm ak founisè yo pou nou asire fanmi yo gen aksè entènèt lakay yo.
- Nou pral bay elèv ki bezwen aparèy konpyitè Chromebook tou, epi BPS te achte yon lòt 20,000 Chromebook pou n ede fanmi ki gen bezwen yo. Chak Chromebook pral bay aksè a materyèl aprantisaj ki pale pi wo yo, osi byen ke nouvo resous aprantisaj pou ede elèv yo.
- Nou pral mete sit distribisyon nan tout Vil la pou elèv yo resevwa yon Chromebook. N ap travay ansanm ak patnè nou yo tou pou n asire fanmi yo ka aksede sèvis sipò pou èd teknik ak Chromebook yo oubyen aksè entènèt yo.

### **Kote pou Manje yo:**

BPS pral kontinye ap founi manje maten ak midi gratis pou tout elèv yo nan plizye douzèn kote nan tout Vil Boston an komanse **madi 17 mas**. Nou pral gen yon varyete opsyon manje nan pakè disponib pou w chache yo lendi pou vandredi de 8:30 am a 11:30 am. [Klike isi](#) pou wè kote n ap gen manje yo. Nou pral kontinye ap mete w okouran pandan plis kote vin disponib. Vil Boston an ak lòt patnè kominotè tankou YMCA, Boston Centers for Youth and Families, ak lòt òganizasyon kominotè pral bay manje gratis pou fanmi ak granmoun nan plizye kote tou. Pral gen plis enfòmasyon sou sa byento.

Tout tan lekòl nou yo fèmen, nou pral kontinye ap evalye kijan pou nou pi byen satisfè bezwen elèv nou yo epi nou gen dwa ajiste plan nou yo selon bezwen. Nou pral ba w mizajou regilyèman pandan tan sa a pou nou kenbe okouran sou opòtinite pou aprantisaj, aksè a manje sen, ak resous sou viris la.

Tout anplwaye Lekòl Piblik Boston kanpe pare pou yo sipòte w pandan tan ensèten sa a. Nou renmen elèv nou yo epi pa gen anyen ki pi enpòtan pou nou pase sante yo ak byennèt yo. Nou konte sou jou n ap ka resevwa elèv nou yo tounen lekòl.

Sensèman ,



Dr. Brenda Cassellius  
Sipèntendant